

# Rejyon Hudson Valley

Avètisman Lasante sou Zafè  
Manje Pwason ou Kenbe

Trape Dènye Konsèy la  
[health.ny.gov/fish](http://health.ny.gov/fish)

GEN KAT  
ANNDAN  
AN

Sa konsène Konte Albany, Columbia, Dutchess, Greene,  
Orange, Putnam, Rensselaer, Rockland, Saratoga,  
Schenectady, Ulster, Washington ak Westchester

## Poukisa Nou Bay Avètisman

Lapèch se yon bèl aktivite epi pwason yo se yon pati enpòtan nan yon bon rejim alimantè. Pwason yo gen bon kalite pwoteyin, eleman nitritif ki esansyèl, luil pwason ki bon pou lasante, epi yo gen yon ti gras matyè gra satire. Men, kèk pwason gen pwodui chimik nan yon nivo ki ka danjere pou sante ou. Pou ede ou fè chwa ki pi bon pou sante ou lè w ap manje pwason, New York State Department of Health pibliye avètisman sou fason pou manje yon pwason ki kenbe lè w peche. Avètisman lasante konsènan ki pwason pou w manje depann sou:



### Kote pou Peche a

Avètisman sou zafè manje pwason nan Zòn Hudson Valley a depann sou kote ou peche a. Gen bèl kote pou peche ak anpil dlo kote tout moun nan fanmi an ka manje jiska kat (4) repa pwason pa mwa. Sepandan, kèk dlo ak afluyan yo te afekte ak pwodwi chimik oswa pestisid endistriyèl, epi kèk ak mèki. Avètisman nou se limite kantite repa pwason ou manje oswa evite manje pwason ki soti nan dlo ak avètisman espesifik sa yo.

Paske Hudson Valley ak dlo li yo trè divès, tiliv sa a gen ladan kat (4) rejyon: Rejyon Greater Capital, Rejyon Mid Hudson, Rejyon Catskill, ak Rejyon Lower Hudson. Gade paj 5 pou yon kat rejyon yo. Si w ap planifye yon repa pwason, tanpri li seksyon an *Ki kote tout fanmi an ka manje pwason an?* nan chak rejyon an.


### Ki moun ou ye



**Nou konseye fanm ki gen laj pou fè pitit (ki poko gen 50 lane) ak timoun ki poko gen 15 lane pou limite kalite pwason yo manje ak konbyen fwa yo manje yo.** Fanm ki manje pwason ki kontamine anpil epi ki vin ansent ka gen gwo risk pou fè timoun ki pa devlope ak aprann byen. Pwodui chimik yo ka gen yon pi gwo efè sou devlopman jèn timoun oswa ti bebe ki poko fèt. Epitou, gen kèk pwodui chimik ki ka pase nan lèt manman an.

Fanm ki depase laj pou fè timoun ak gason yo ka gen mwens risk sante pou kèk pwodui chimik. Pou rezon sa a, avètisman pou fanm ki gen plis pase 50 lane ak gason ki gen plis pase 15 lane pèmèt yo manje plis kalite pwason moun kenbe ak pi souvan (gade tablo avètisman pou chak rejyon).

### Sa Ou Kenbe



**Gen avètisman espesifik ki di pou w limite oswa pa manje sèten kalite pwason nan kèk dlo rejyon sa a (gade tablo avètisman la).** Kèk pwason gen plis pwodui chimik pase lòt. An jeneral, pwason ki pi piti yo gen mwens kontaminasyon pase pi gwo pwason ki pi granmoun nan menm espès la. Epitou, ou ka chwazi manje pwason ki soti nan dlo ki pa anndan tablo a (gen anpil nan yo anba lis nan *Ki kote tout fanmi an ka manje pwason an?*) epi suiv avètisman jeneral pou manje jiska kat (4) repa pa mwa.

## Pwodui Chimik nan Rejyon Hudson Valley

Pwodui chimik prensipal ki bay pwoblèm nan Rejyon Hudson Valley a se PCB ak mèki. Gen kèk dlo ki gen klòdàn, dyeldrin, dyoksin, kadmyòm ak PFAS.

- PCB (poliklowobifenil), klòdàn, ak dyeldrin pwodui chimik lèzòm te kreye epi yo te entèdi yo nan ane 1970 ak 1980 yo. Dyoksin se rès bagay ki lage pandan plizyè aktivite tankou boule fatra, boukan dife, ak fabrikasyon. PCB, klòdàn, dyeldrin, dyoksin rete nan anviwònman an epi yo akimile nan matyè grès pwason ak lòt bèt.
- Mèki se yon bagay ki fèt natirèlman, men yo lage li nan anviwònman an lè yo soti nan sous tankou rès chabon ki boule. Tès yo te fè nan pwason ki nan Rejyon Adirondack ak Catskill yo ak kèk nan rezèvwa Eta New York yo montre sèten espès pwason gen plis nivo mèki pase nan lòt pati Eta a.
- Kadmyòm fèt natirèlman tou epi yo itilize li nan pwosesis endistriyèl tou. Yo jwenn kadmyòm ak dyoksin nan krab ble tomale (“bagay vèt”, moutad, fwa, oswa epatopankreya) nan Hudson River.
- PFAS (Sibstans poli- ak pèfliyowo-alkile, ki te rele PFC avan) se pwodui chimik lèzòm kreye yo itilize pou mous ponpye, fabrikasyon materyèl ki pa kole, ak anpil lòt aplikasyon. Yo pèsistan nan anviwònman an epi yo ka akimile andedan èt vivan tankou pwason.

### Risk pou Sante

Pwason yo ka gen nivo pwodui chimik nan kò yo ki plizyè milye fwa pi wo pase nivo ki nan dlo toutotou yo. Pwodui chimik sa yo akimile nan kò ou avèk letan. Gen anpil pwoblèm sante pou ka genyen akòz pwodui chimik nan pwason, soti nan ti chanjman nan sante ki difisil pou detekte rive nan malfòmasyon tibebe ak kansè. (Al gade sou [www.health.ny.gov/fish](http://www.health.ny.gov/fish) pou jwenn plis enfòmasyon.)



## Gen Kat Konte Detaye Disponib Sou Entènèt

Gen nouvo kat disponib ki montre avètisman sante pou dlo aksè piblik nan plizyè konte. Sa yo se premye kat nan yon seri pou tout Eta a ki pral vin disponib ofireamezi: [www.health.ny.gov/fish/maps.htm](http://www.health.ny.gov/fish/maps.htm).

Kat sa yo itilize kòd koulè pou souliye kote ki gen dlo ak avètisman jeneral, rejyonal (Catskill ak Adirondack), ak espesifik nou yo epi montre kijan avètisman aplike pou afliyan yo. Kat sa yo se gid vizyèl rapid ki ka ede moun fè pi bon chwa konsènan kote pou yo peche manje lokalman.



Egzanp kat afliyan Konte Rensselaer a montre avètisman Hudson River monte jis anwo nan baryè enpasab la pou peche.

## E afliyan ak dlo konekte yo?

Avètisman espesifik nan kat jeyografik konte sou entènèt la ak tablo enteryè yo aplike pou afliyan ak dlo konekte si pa gen baraj, chit dlo, oswa baryè pou anpeche pwason yo monte ak desann. Sa a se paske pwodwi chimik rete nan pwason yo lè yo soti nan yon dlo pou ale nan yon lòt.


Si ou pa fin sèten sou baryè pwason potansyèl ki toupre dlo w ap fè lapèch la, rele biwo DEC ou nan nimewo ki sou do tiliv sa a. Si ou gen kesyon sou avètisman pwason pou dlo ou renmen fè lapèch nan yo a, rele ekip konsiltasyon pwason an nan (518) 402-7800. Al gade nan [www.health.ny.gov/fish](http://www.health.ny.gov/fish) pou jwenn dènye avètisman sou zafè manje pwason ou kenbe pou tout rejyon nan Eta a.

## Avètisman pou Manje Pi Byen pou Lasante

- Eseye deklare lè ou manje repa ak pwason ou yo. Pa egzanzp, si avètisman la di ou ka manje jiska kat (4) repa nan yon mwa, pa manje yo tout nan menm semèn lan. Sa enpòtan sitou pou fanm ak jèn timoun.
- Bakteri, viris, oswa parazit kapab anndan oswa sou pwason yo. Mete pwason ou kenbe yon kote pou yo rete frèt. Mete gan lè wap kale oswa koupe yo. Lave men ak sifas yo souvan lè w ap prepare pwason, epi kenbe manje kri yo separe. Kwit pwason ak kristase byen kwit anvan ou manje.
- Piga ou manje tomale (“bagay vèt”, moutad, fwa, oswa epatopankreya) ou jwenn nan kò krab ak woma, epi jete likid ou te kwit li a. Tomale gen anpil pwodwi chimik, tankou PCB, dyoksin ak kadmyòm.

## Avètisman pou Redui Kantite PCB, Klòdàn, Dyeldrin, ak Dyoksin

- Gen plis nivo PCB, klòdàn, dyeldrin, dyoksin nan grès pwason an. Pou diminye grès, koupe, deklare, oswa kwit pwason ou a kòrèkteman:




- Lè w ap kwit oswa tranpe pwason an, sa pa ka elimine pwodwi chimik yo, men chalè pandan w ap kwit li a fonn kèk nan grès la. Bouyi, griye, oswa kwit pati pwason ou te koupe a sou yon rak pou grès la ka degoute. Pa sèvi ak gout yo pou fè sòs.
- Pou diminye kontak ak PCB, klòdàn, dyeldrin, ak dyoksin, evite oswa manje mwens American eel, bluefish, carp, striped bass, white ak channel catfish, ak white perch paske pwason sa yo gen tandans gen plis nan kontaminan sa yo.

## Avètisman pou Evite Mèki

- Sèl fason pou diminye kantite mèki ou jwenn nan pwason se evite sèten espès oswa manje pi piti pwason yo nan yon espès pwason.
- Pou diminye kontak ak mèki, evite oswa manje mwens smallmouth bass, northern pike, pickerel, walleye, ak pi gwo yellow perch (pa egzanzp, plis pase 10 pous) paske pwason sa yo gen tandans gen plis nivo mèki.
- Mèki distribye nan tout tisi miskilati yon pwason (pati ou manje a), men pou li ale nan grès ak po a. Lè ou koupe ak deklare li, sa pa pral diminye kantite mèki nan yon repa pwason.

## Rejyon Hudson Valley yo



## Avètisman pou Rejyon Greater Capital



### Ki kote tout fanmi an ka manje pwason an?

Anba a w ap jwenn yon lis ak kèk dlo aksè piblik kote tout fanmi an ka manje jiska kat (4) repa pwason yo kenbe pa mwa.

#### Konte Albany

Basic Creek  
Basic Creek Reservoir  
Catskill Creek  
Norman Kill, *dlo k ap monte nan chit dlo nan I-87*  
Rensselaer Lake (Six Mile Waterworks)  
Ten Mile Creek  
Thompson's Lake  
Tivoli Lake  
Vly Creek  
Washington Park Lake

#### Konte Rensselaer

Black River Pond  
Burden Lake  
Crooked Lake  
Crystal Lake  
Glass Lake  
Long Pond  
Poesten Kill, *dlo k ap monte nan Mt. Ida Falls*  
Shaver Pond  
Snyder's Lake  
Tackawasick Creek  
Tomhannock Reservoir  
Tsatsawassa Lake

#### Konte Saratoga

Alplaus Kill  
Ballston Lake  
Dwaas Kill  
Geyser Brook  
Glowegee Creek  
Kayaderoseras Creek  
Moreau Lake  
Round Lake  
Saratoga Lake

#### Konte Schenectady

Collins Lake  
Featherstonhaugh Lake  
Iroquois Lake  
Lisha Kill  
Mariaville Lake  
Schoharie Creek  
Steinmetz Lake

#### Konte Washington

Batten Kill, *dlo k ap monte nan Clark Mills Lower Dam*  
Carters Pond  
Cossayuna Lake  
Dead Lake  
Mettawee River, *chit dlo ka p monte nan Thomas Rd & Upper Tpk*

Pa bliye gen avètisman espesifik pou afliyan ak dlo konekte yo; gade paj 3. Pa egzanp, avètisman pou Hudson River aplike jiska premye baryè ki enpasab sou tout afliyan yo, tankou Batten Kill, Mill Creek, Normans Kill, Poesten Kill ak Wynants Kill.

Tcheke sou sitwèb DEC a pou w ka konnen règleman ak restriksyon espesyal pou sèten espès: [www.dec.ny.gov/outdoor/fishing.html](http://www.dec.ny.gov/outdoor/fishing.html).

## Dlo nan Rejyon Greater Capital yo ak avètisman:

|  Pozisyon ak Afliyan                   |  Pwason |  Gason 15 ane ak pi gran epi fanm 50 ane ak pi gran |  Fanm ki poko gen 50 lane ak timoun ki poko gen 15 lane | <b>Pwodi Chimik ki Bay Enkyetid</b>  |
|---|--|--|--|--|
| Tout dlo PA ki nan lis la (Rejyon Greater Capital)  | Tout pwason  | Jiska 4 repa/mwa   | Jiska 4 repa/mwa   |  |
| Dunham Reservoir  | Walleye  | PIGA OU MANJE LI   | PIGA OU MANJE LI   | Mèki   |
|   | Smallmouth bass  | Jiska 1 repa/mwa   | PIGA OU MANJE LI   | Mèki   |
|   | Tout lòt pwason  | Jiska 4 repa/mwa   | PIGA OU MANJE LI   | Mèki   |
| Dyken Pond  | Bas ak gran bouch  | Jiska 1 repa/mwa   | PIGA OU MANJE LI   | Mèki   |
|   | Tout lòt pwason  | Jiska 4 repa/mwa   | PIGA OU MANJE LI   | Mèki   |
| Hoosic River, Soti nan Schaghticoke Dam rive nan liy eta Vermont (sa gen ladan Johnsonville ak Schaghticoke Reservoirs) | Bluegill, Yellow perch   | Jiska 4 repa/mwa   | Jiska 4 repa/mwa   | chwa an sante pwason <sup>1</sup>  |
|   | Brown trout  | Greater than 14", DON'T EAT; Less than 14", up to 1 meal/month   | Greater than 14", DON'T EAT; Less than 14", up to 1 meal/month   | PCB  |
|   | Carp   | PIGA OU MANJE LI   | PIGA OU MANJE LI   | PCB  |
|   | Rainbow trout, Smallmouth bass   | Jiska 1 repa/mwa   | Jiska 1 repa/mwa   | PCB  |
|   | Tout lòt pwason  | Jiska 4 repa/mwa   | DON'T EAT  | PCB  |
|   | Hudson River, Hudson Falls Dam nan Bakers Falls rive nan Federal Dam nan Troy            | Tout pwason  | Pwason ou ka Kenbe epi Lage SÈLMAN selon règleman NYS DEC Pa Pran okenn pwason. Pa Manje Pwason.   | Pwason ou ka Kenbe epi Lage SÈLMAN selon règleman NYS DEC Pa Pran Okenn Pwason. Pa Manje Pwason. |

## Dlo nan Rejyon Greater Capital yo ak avètisman espesifik:

|  Pozisyon ak Afliyan |  Pwason    |  Gason 15 ane ak pi gran epi fanm 50 ane ak pi gran |  Fanm ki poko gen 50 lane ak timoun ki poko gen 15 lane | <b>Pwodi Chimik ki Bay Enkyetid</b> |
|---|---|--|--|-------------------------------------|
| Hudson River, Federal Dam nan Troy rive nan Pon Rip Van Winkle nan Catskill                             | Alewife, Blueback herring, Rock bass, Yellow perch  | Jiska 1 repa/mwa   | PIGA OU MANJE LI   | PCB                                 |
|   | Tout lòt pwason (ki gen ladan Striped bass ak Walleye)  | PIGA OU MANJE LI   | PIGA OU MANJE LI   | PCB                                 |
| Mohawk River/Erie Canal, ant Fivemile Dam (pa anba Little Falls) ak Cohoes Falls                        | Brown bullhead, Bluegill, Blueback herring, Rock bass, Smallmouth bass, Walleye, Yellow perch | Jiska 4 repa/mwa   | Jiska 4 repa/mwa   | chwa an sante pwason <sup>1</sup>   |
|   | Carp  | PIGA OU MANJE LI   | PIGA OU MANJE LI   | PCB                                 |
|   | Tout lòt pwason   | Jiska 4 repa/mwa   | Jiska 1 repa/mwa   | PCB                                 |
| Valatie Kill, ant County Rt. 18 ak Nassau Lake  | Tout pwason   | PIGA OU MANJE LI   | PIGA OU MANJE LI   | PCB                                 |
| Valatie Kill, ant Nassau Lake ak Lake Kinderhook  | American eel, Bluegill sunfish, Redbreast sunfish   | Jiska 1 repa/mwa   | PIGA OU MANJE LI   | PCB                                 |
|   | Tout lòt pwason   | Jiska 4 repa/mwa   | PIGA OU MANJE LI   | PCB                                 |

<sup>1</sup>Pwason sa yo se yon bon chwa pou tout fanmi an. Gade [www.health.ny.gov/fish/background.htm](http://www.health.ny.gov/fish/background.htm) pou jwenn plis enfòmasyon sou fason yo defini avi yo.

<sup>2</sup> An Vigè 7/24/17: Rezilta tèst yo endike ke pwason ki soti nan dlo sa yo gen piplis PFAS (ki te rele PFC avan) konpare ak pwason ki soti nan lòt dlo. Selon sous done ki disponib kounye a, DOH rekòmande pou moun ki peche nan dlo sa yo retounen sa yo te kenbe yo.

# Avètisman Rejyon Mid Hudson



## Ki kote tout fanmi an ka manje pwason an?

Anba a w ap jwenn yon lis ak kèk dlo aksè piblik kote tout fanmi an ka manje jiska kat (4) repa pwason yo kenbe pa mwa.

### Konte Columbia

Claverack Creek, dlo k ap monte nan Van De Carrs Dam  
Copake Lake  
Kline Kill  
Lake Taghkanic  
Ore Pit Pond  
Queechy Lake  
Roeliff Jansen Kill, dlo k ap monte nan Bingham Mills Dam  
Taghkanic Creek  
Weed Mines Pond

### Konte Dutchess

Crum Elbow Creek, dlo k ap monte nan Lower Dam  
Fishkill Creek, do k ap monte nan NY Rubber Company Dam  
Iron Mine Pond  
Morgan Lake  
Roeliff Jansen Kill, dlo k ap monte nan Bingham Mill Dam (Columbia Co)  
Shekomeko Creek  
Sprout Creek  
Stissing Pond  
Tenmile River  
Wappinger Creek, dlo k ap monte nan Wappinger Falls Dam  
Webatuck Creek

### Konte Ulster

Louisa Pond  
Sturgeon Pool  
Wallkill River, dlo k ap monte nan Sturgeon Pool

Tcheke sou sitwèb DEC a pou w ka konnen règleman ak restriksyon espesyal pou sèten espès: [www.dec.ny.gov/outdoor/fishing.html](http://www.dec.ny.gov/outdoor/fishing.html).

## Dlo Rejyon Mid Hudson ak avètisman espesifik:

|  Pozisyon ak Afiyan |  Pwason  |  Gason 15 ane ak pi gran epi fanm 50 ane ak pi gran |  Fanm ki poko gen 50 lane ak timoun ki poko gen 15 lane |  Pwodi Chimik ki Bay Enkyetid |
|--|---|--|--|--|
| Tout lòt dlo ki PA nan lis la (Rejyon Mid Hudson)  | Tout pwason   | Jiska 4 repa/mwa   | Jiska 4 repa/mwa   |  |
| Hudson River, Federal Dam nan Troy rive nan Pon Rip Van Winkle nan Catskill                            | Alewife, Blueback herring, Rock bass, Yellow perch  | Jiska 1 repa/mwa   | PIGA OU MANJE LI   | PCB  |
|  | Tout lòt pwason (ki gen ladan Striped bass ak Walleye)  | PIGA OU MANJE LI   | PIGA OU MANJE LI   | PCB  |
| Hudson River, Pon Rip Van Winkle nan NYC Battery   | Tomale krab oswa woma (epatopankre, moutad) ak likid ou kwit li a   | PIGA OU MANJE LI   | PIGA OU MANJE LI   | PCB, Dioksin, Kadmyòm  |
|  | Channel catfish, Gizzard shad, Walleye, White catfish   | PIGA OU MANJE LI   | PIGA OU MANJE LI   | PCB  |
| Hudson River, Catskill rive nan NYC Battery  | Vyann Blue Crab   | Jiska 4 repa/mwa (sis (6) krab pou chak repa)  | PIGA OU MANJE LI   | PCB, Kadmyòm   |
|  | Atlantic needlefish, Bluefish, Brown bullhead, Carp, Goldfish, Largemouth bass, Rainbow smelt, Smallmouth bass, Striped bass, White perch | Jiska 1 repa/mwa   | PIGA OU MANJE LI   | PCB  |
| Kinderhook Lake  | Tout lòt pwason   | Jiska 4 repa/mwa   | PIGA OU MANJE LI   | PCB  |
|  | American eel  | Jiska 1 repa/mwa   | PIGA OU MANJE LI   | PCB  |
| Valatie Kill, ant Nassau Lake ak Kinderhook Lake   | Tout lòt pwason   | Jiska 4 repa/mwa   | PIGA OU MANJE LI   | PCB  |
|  | American eel, Bluegill sunfish, Redbreast sunfish   | Jiska 1 repa/mwa   | PIGA OU MANJE LI   | PCB  |

Pa bliye gen avètisman espesifik pou afiyan ak dlo konekte yo; gade paj 3. Pa egzanp, avètisman pou Hudson River aplike jiska premye baryè ki enpasab sou tout afiyan yo, tankou Black Creek, Catskill Creek, Claverack Creek, Crum Elbow Creek, Esopus Creek, Fishkill Creek, Kaaterskill Creek, Kinderhook Creek, Roeliff Jansen Kill, Rondout Creek, Stockport Creek ak Wappinger Creek.

# Avètisman pou Rejyon Catskill




Gen kèk pwason nan Rejyon Catskill la ki gen plis mèki pase nan lòt pati nan Eta a. Gen lòt avètisman pou limite oswa pa manje sèten kalite pwason pou fanm ki poko gen 50 lane ak timoun ki poko gen 15 an paske kèk pwason gen tandans gen pi wo nivo nan mèki.

Fanm ki depase laj pou fè timoun ak gason yo ka mwens risk sante pou kèk mèki epi yo ka manje jiska kat (4) repa nan yon mwa tout pwason ki nan dlo Catskill (eksepte dlo yo jwenn nan tablo ki nan paj 12 yo).

## Ki pwason tout fanmi an ka manje nan Rejyon Catskill?

Pwason sa yo se yon bon chwa pou tout fanmi an, jèn moun kou granmoun, paske yo gen pi ba nivo mèki. Chwazi pami pwason sa yo pou jiska kat (4) repa pwason pa mwa ki sòti nan dlo ki pa nan lis nan tablo ki nan paj 12 la.



Sa yo se kèk dlo ki gen aksè piblik kote tout fanmi an ka manje pwason ki endike anwo a:

### Konte Greene

- Basic Creek
- Batavia Kill
- Catskill Creek, dlo k ap monte nan Mill Pond Dam nan Leeds
- Colgate Lake
- East Kill
- Greens Lake
- Kaaterskill Creek, chit dlo k ap monte nan High Falls Extension Mill Rd
- Schoharie Creek, dlo k ap monte nan Prattsville Barrier Dam
- Ten Mile Creek
- West Kill

### Konte Ulster

- Alder Lake
- Echo Lake
- Honk Lake
- Lower Esopus Creek, ant Ashokan Dam ak Diamond Mills Paper Company Dam
- Onteora Lake
- Rondout Creek, ant Merriman Dam (Reservoir Dam) ak Eddyville Dam
- Wilson Lake


## Dlo nan Rejyon Catskill yo ak avètisman espesifik:

| Pozisyon ak Afliyan                            | Pwason   | Gason 15 ane ak pi gran epi fanm 50 ane ak pi gran                  | Fanm ki poko gen 50 lane ak timoun ki poko gen 15 lane           | Pwodi Chimik ki Bay Enkyetid |
|--|--|---|--|------------------------------|
| Tout lòt dlo nan Rejyon Catskill PA nan lis la | Yellow perch   | Jiska 4 repa/mwa  | Plis pase 10 ", PA MANJE LI; Pi piti pase 10 ", jiska 4 repa/mwa | Mèki                         |
|  | Largemouth bass, Northern pike, Smallmouth bass, Walleye, Pickerel                     | Jiska 4 repa/mwa  | PIGA OU MANJE LI   | Mèki                         |
|  | Brook trout, Bullhead, Brown trout, Rainbow trout, Rock bass, Sunfish, Tout lòt pwason | Jiska 4 repa/mwa  | Jiska 4 repa pa mwa  | Mèki                         |
| Ashokan Reservoir                              | Walleye  | Jiska 1 repa/mwa  | PIGA OU MANJE LI   | Mèki                         |
|  | Smallmouth bass  | Plis pase 16 ", jiska 1 repa/mwa; Mwens pase 16 ", jiska 4 repa/mwa | PIGA OU MANJE LI   | Mèki                         |
|  | Tout lòt pwason  | Jiska 4 repa/mwa  | PIGA OU MANJE LI   | Mèki                         |
| Chodiikee Lake                                 | Largemouth bass  | Plis pase 15 ", jiska 1 repa/mwa; Mwens pase 15 ", jiska 4 repa/mwa | PIGA OU MANJE LI   | Mèki                         |
|  | Tout lòt pwason  | Jiska 4 repa/mwa  | PIGA OU MANJE LI   | Mèki                         |
| North-South Lake                               | Largemouth bass  | Plis pase 15 ", jiska 1 repa/mwa; Mwens pase 15 ", jiska 4 repa/mwa | PIGA OU MANJE LI   | Mèki                         |
|  | Tout lòt pwason  | Jiska 4 repa/mwa  | PIGA OU MANJE LI   | Mèki                         |
| Rondout Reservoir                              | Smallmouth bass  | Plis pase 16 ", jiska 1 repa/mwa; Mwens pase 16 ", jiska 4 repa/mwa | PIGA OU MANJE LI   | Mèki                         |
|  | Tout lòt pwason  | Jiska 4 repa/mwa  | PIGA OU MANJE LI   | Mèki                         |
| Schoharie Reservoir                            | Walleye  | Plis pase 18 ", PA MANJE LI; Pi piti pase 18 ", jiska 1 repa/mwa    | PIGA OU MANJE LI   | Mèki                         |
|  | Smallmouth bass  | Plis pase 15 ", PA MANJE LI; Pi piti pase 15 ", jiska 4 repa/mwa    | PIGA OU MANJE LI   | Mèki                         |
|  | Tout lòt pwason  | Jiska 4 repa/mwa  | PIGA OU MANJE LI   | Mèki                         |

Pa bliye sous afliyan ak dlo konekte; gade paj 3. Avètisman la aplike jiska premye baryè ki pa ka bouche sou tout afliyan yo.

Tcheke sou sitwèb DEC a pou w ka konnen règleman ak restriksyon espesyal pou sèten espès: [www.dec.ny.gov/outdoor/fishing.html](http://www.dec.ny.gov/outdoor/fishing.html).

# Avètisman Rejyon Lower Hudson



## Ki kote tout fanmi an ka manje pwason an?

Anba a w ap jwenn yon lis ak kèk dlo aksè piblik kote tout fanmi an ka manje jiska kat (4) repa pwason yo kenbe pa mwa.

### Konte Orange

Barnes Lake  
Blue Lake  
Eagle Lake  
Glenmere Lake  
Greenwood Lake  
Hessian Lake  
Island Pond  
Lake Askoti  
Lake Kanawauke  
Lake Nawahunta  
Lake Skannatati  
Lake Skenonto  
Lake Stahahe  
Ramapo River  
Wallkill River

### Konte Putnam

Canopus Lake  
Croton Falls Reservoir  
East Branch Croton River,  
*Dlo k ap desann nan  
Diverting Reservoir Dam*  
Lake Gilead  
Lake Gleneida  
Lake Mahopac  
Middle Branch Reservoir  
Peekskill Hollow Brook,  
*dlo k ap monte nan  
Hollowbrook Dam  
(Westchester)*  
Pelton Pond  
Roaring Brook Lake  
Stillwater Pond  
West Branch Croton River,  
*dlo k ap desann nan  
West Branch Dam*  
White Pond

### Konte Rockland

Hessian Lake  
Lake Sebago  
Lake Wanoksink  
Mahwah River  
Minisceongo Creek,  
*dlo k ap monte  
nan Rockland Print  
Company Dam*  
Pine Meadow Brook  
Pine Meadow Lake  
Ramapo River  
Rockland Lake  
Sparkill Creek, *dlo k ap  
monte nan Piermont  
Paper Company Dam*  
Tiorati Brook, *dlo k ap  
monte nan Stony  
Point Dam*

### Konte Westchester

Bronx River, *dlo k ap  
monte nan Bronx  
River Dam*  
Croton River, *dlo k ap  
monte nan Silver  
Lake Dam*  
Kensico Reservoir  
Mohansic Lake  
Muscoot Reservoir  
New Croton Reservoir  
Peekskill Hollow Brook,  
*dlo k ap monte nan  
Hollowbrook Dam*  
Stone Hill River  
Swan Lake

# Dlo Rejyon Lower Hudson avèk avètisman espesifik:

|  <b>Pozisyon ak Afliyan</b> |  <b>Pwason</b> |  <b>Gason 15 ane ak pi gran epi fanm 50 ane ak pi gran</b> |  <b>Fanm ki poko gen 50 lane ak timoun ki poko gen 15 lane</b> | <b>Pwodi Chimik ki Bay Enkyetid</b> |
|--|---|---|---|-------------------------------------|
| <b>Tout dlo PA ki nan lis la (Rejyon Lower Hudson)</b>   | Tout pwason   | Jiska 4 repa/mwa  | Jiska 4 repa/mwa  |                                     |
| <b>Amawalk Reservoir</b>   | Largemouth bass, Smallmouth bass  | Plis pase 16 ", jiska 1 repa/mwa; Mwens pase 16 ", jiska 4 repa/mwa   | PIGA OU MANJE LI  | Mèki                                |
|  | Tout lòt pwason   | Jiska 4 repa/mwa  | PIGA OU MANJE LI  | Mèki                                |
| <b>Bog Brook Reservoir</b>   | Walleye   | Plis pase 21 ", jiska 1 repa/mwa; Mwens pase 21 ", jiska 4 repa/mwa   | PIGA OU MANJE LI  | Mèki                                |
|  | Tout lòt pwason   | Jiska 4 repa/mwa  | PIGA OU MANJE LI  | Mèki                                |
| <b>Boyd Corners Reservoir</b>  | Walleye   | Jiska 1 repa/mwa  | PIGA OU MANJE LI  | Mèki                                |
|  | Largemouth bass   | Plis pase 16 ", jiska 1 repa/mwa; Mwens pase 16 ", jiska 4 repa/mwa   | PIGA OU MANJE LI  | Mèki                                |
| <b>Breakneck Pond</b>  | Tout lòt pwason   | Jiska 4 repa/mwa  | PIGA OU MANJE LI  | Mèki                                |
|  | Largemouth bass   | Plis pase 15 ", jiska 1 repa/mwa; Mwens pase 15 ", jiska 4 repa/mwa   | PIGA OU MANJE LI  | Mèki                                |
| <b>Cross River Reservoir</b>   | Tout lòt pwason   | Jiska 4 repa/mwa  | PIGA OU MANJE LI  | Mèki                                |
|  | Largemouth bass, Smallmouth bass  | Plis pase 16 ", jiska 1 repa/mwa; Mwens pase 16 ", jiska 4 repa/mwa   | PIGA OU MANJE LI  | Mèki                                |
| <b>Diverting Reservoir</b>   | Walleye   | Jiska 1 repa/mwa  | PIGA OU MANJE LI  | Mèki                                |
|  | Tout lòt pwason   | Jiska 4 repa/mwa  | PIGA OU MANJE LI  | Mèki                                |
| <b>East Branch Reservoir</b>   | Walleye   | PIGA OU MANJE LI  | PIGA OU MANJE LI  | Mèki                                |
|  | Tout lòt pwason   | Jiska 4 repa/mwa  | PIGA OU MANJE LI  | Mèki                                |

Pa bliye gen avètisman espesifik pou afliyan ak dlo konekte yo; gade paj 3.

Pa egzanp, avètisman pou Hudson River aplike jiska premye baryè ki enpasab sou tout afliyan yo, tankou Croton River, Minisceongo Creek, Peekskill Hollow Brook ak Tiorati Brook/Cedar Pond Brook.



## Dlo Rejyon Lower Hudson avèk avètisman espesifik, kontinye:

|  <b>Pozisyon ak Afliyan</b> |  <b>Pwason</b>   |  <b>Gason 15 ane ak pi gran epi fanm 50 ane ak pi gran</b> |  <b>Fanm ki poko gen 50 lane ak timoun ki poko gen 15 lane</b> | <b>Pwodi Chimik ki Bay Enkyetid</b> |
|---|---|---|---|-------------------------------------|
| <b>Hudson River</b><br><i>Rip Van Winkle Bridge nan Catskill rive nan NYC Battery</i>                       | Channel catfish, Gizzard shad, Walleye, White catfish   | PIGA OU MANJE LI  | PIGA OU MANJE LI  | PCB                                 |
|   | Atlantic needlefish, Bluefish, Brown bullhead, Carp, Goldfish, Largemouth bass, Rainbow smelt, Smallmouth bass, Striped bass, White perch | Jiska 1 repa/mwa  | PIGA OU MANJE LI  | PCB                                 |
|   | Vyann Blue Crab   | Jiska 4 repa/mwa (sis (6) krab pou chak repa)   | PIGA OU MANJE LI  | PCB, Kadmyòm                        |
|   | Tomale krab oswa woma (epatopankre, moutad) ak likid ou kwit li a   | PIGA OU MANJE LI  | PIGA OU MANJE LI  | PCB, Dioksin, Kadmyòm               |
|   | Tout lòt pwason   | Jiska 4 repa/mwa  | PIGA OU MANJE LI  | PCB                                 |
| <b>Lake Welch</b>   | Largemouth bass, Smallmouth bass  | Jiska 1 repa/mwa  | Jiska 1 repa/mwa  | PCBs                                |
|   | Tout lòt pwason   | Jiska 4 repa/mwa  | Jiska 4 repa/mwa  |                                     |
| <b>Moodna Creek, dlo k ap desann nan Firthcliffe Dam nan bouch nan Hudson River</b>                         | Channel catfish, Gizzard shad, Smallmouth bass, Walleye, ak White catfish   | PIGA OU MANJE LI  | PIGA OU MANJE LI  | PFAS, PCBs                          |
|   | Vyann Blue Crab   | Jiska 4 repas/mwa (sis (6) krab pou chak repa)  | PIGA OU MANJE LI  | PFAS, PCBs, cadmium                 |
|   | Tomale krab oswa woma (epatopankre, moutad) ak likid ou kwit li a   | PIGA OU MANJE LI  | PIGA OU MANJE LI  | PFAS, PCBs, Kadmyòm, Dioksin        |
|   | Tout lòt pwason   | Jiska 1 repa/mwa  | PIGA OU MANJE LI  | PFAS, PCBs                          |

## Dlo Rejyon Lower Hudson avèk avètisman espesifik, kontinye:

| <b>Zòn Dlo</b>   | <b>Pwason</b>   | <b>Gason 15 ane ak pi gran epi fanm 50 ane ak pi gran</b> | <b>Fanm ki poko gen 50 lane ak timoun ki poko gen 15 lane</b> | <b>Pwodi Chimik ki Bay Enkyetid</b> |
|--|---|---|---|-------------------------------------|
| <b>Newburgh:</b> <sup>2</sup><br>Beaverdam Lake<br>Clark Street<br>Ponds<br>Crest View Lake<br>Kouran dlo ki soti nan Stewart State Forest reive nan Beaverdam Lake<br>Lockwood Basin/Masterson Park Pond<br>Moodna Creek, dlo k ap monte nan Firthcliffe Dam<br>Recreation Pond<br>Silver Stream<br>Washington Lake | Tout pwason   | PIGA OU MANJE LI  | PIGA OU MANJE LI  | PFAS                                |
|  | Tomale krab oswa woma (epatopankre, moutad) ak likid ou kwit li a | PIGA OU MANJE LI  | PIGA OU MANJE LI  | PFOS, PCBs, Kadmyòm, Dioksin        |
| <b>Rio Reservoir</b>   | All other fish  | Jiska 1 repa/mwa  | PIGA OU MANJE LI  | PFOS, PCBs                          |
|  | American eel  | Jiska 1 repa/mwa  | PIGA OU MANJE LI  | Klòdàn, PCBs                        |
| <b>Saw Mill River, Pa anwo kanal nan Mill Street nan Yonkers</b>   | Tout lòt pwason   | Jiska 4 repa/mwa  | PIGA OU MANJE LI  | Klòdàn, PCBs                        |
|  | Goldfish  | Jiska 1 repa/mwa  | PIGA OU MANJE LI  | Klòdàn                              |
| <b>Sheldrake River</b>   | American eel  | PIGA OU MANJE LI  | PIGA OU MANJE LI  | Klòdàn, Dyeldrin                    |
|  | Tout lòt pwason   | Jiska 4 repa/mwa  | PIGA OU MANJE LI  | Klòdàn, Dyeldrin                    |
| <b>Titicus Reservoir</b>   | White perch   | Jiska 1 repa/mwa  | PIGA OU MANJE LI  | Mèki                                |
|  | Tout lòt pwason   | Jiska 4 repa/mwa  | PIGA OU MANJE LI  | Mèki                                |
| <b>West Branch Reservoir</b>   | Walleye   | Jiska 1 repa/mwa  | PIGA OU MANJE LI  | Mèki                                |
|  | Tout lòt pwason   | Jiska 4 repa/mwa  | PIGA OU MANJE LI  | Mèki                                |

<sup>1</sup>Pwason sa yo se yon bon chwà pou tout fanmi an. Gade [www.health.ny.gov/fish/background.htm](http://www.health.ny.gov/fish/background.htm) pou jwenn plis enfòmasyon sou fason yo defini avi yo.

<sup>2</sup>An Vigè 7/24/17: Rezilta tè s yo endike ke pwason ki soti nan dlo sa yo gen plis PFAS (ki te rele PFC avan) konpare ak pwason ki soti nan lòt dlo. Selon sous done ki disponib kounye a, DOH rekòmande pou moun ki peche nan dlo sa yo retounen sa yo te kenbe yo.

# PWASON NOU JWENN SOUVAN NAN REJYON HUDSON VALLEY



American eel



Black crappie



Bluefish



Bluegill sunfish



Brook Trout



Brown bullhead



Brown trout



Carp



Channel catfish



Largemouth bass



Northern Pike



Pumpkinseed sunfish



Rainbow trout



Redbreast sunfish



Rock bass



Smallmouth bass



Striped bass



Walleye



White catfish



White perch




Yellow perch




Blue Crab


# Lòt Piblikasyon gratis ki disponib:




**Avètisman pou Northern Hudson River**  
Avètisman pou North of Corinth jiska Hudson Falls




**Avètisman pou Hudson River**  
Avètisman pou soti nan Hudson Falls rive nan New York City Battery



**Vil New York ak Avètisman Long Island**  
Avètisman pou Konte Bronx, Kings, Nassau, New York, Richmond, Suffolk ak Queens




**Avètisman pou Rejyon Adirondack**  
Avètisman pou Konte Clinton, Essex, Franklin, Fulton, Hamilton, Herkimer, Lewis, Saratoga, St. Lawrence, Warren, ak Washington



**Avètisman pou Rejyon Catskill**  
Avètisman pou konte Delaware, Greene, Sullivan ak Ulster



**Gid pou Kwit ak Manje Blue Crab nan Eta New York**  
Avètisman sou Blue Crab pou Hudson River, New York City ak Long Island



**Itilize bonjan pratik sanità pandan w ap fè lapèch ak lè w ap manyen pwason**  
Enfòmasyon sou lapèch ak preparasyon pwason yo kenbe nan dlo ki gen pwoblèm mikwo-òganis

Gade epi kòmande piblikasyon sou entènèt: [www.health.ny.gov/fish/publications.htm](http://www.health.ny.gov/fish/publications.htm)

## Pwason nan magazen ak restoran



Food and Drug Administration (Administrasyon Aliman ak Medikaman, FDA) Etazini kontwole lavant pwason komèsyal sou mache yo. Akòz enkyetid konsènan mèki, FDA ak Environmental Protection Agency (Ajans Pwoteksyon Anviwònman, EPA) Etazini konseye fanm ansent, fanm ki ka vin ansent, manman k ap bay tete, ak jèn timoun pou evite manje shark, swordfish, king mackerel, tuna (bigeye), marlin, orange roughy ak tilefish.

Al gade nan [www.fda.gov/fishadvice](http://www.fda.gov/fishadvice) oswa [www.epa.gov/fishadvice](http://www.epa.gov/fishadvice) pou jwenn plis enfòmasyon.

## Plis Enfòmasyon

### Avètisman Konsènan Pwason nan Eta New York

Department of Health  
(Depatman Sante, NYS DOH)  
[www.health.ny.gov/fish](http://www.health.ny.gov/fish)  
[www.health.ny.gov/fish/maps.htm](http://www.health.ny.gov/fish/maps.htm)  
(518) 402-7800  
(800) 458-1158  
[BTSA@health.ny.gov](mailto:BTSA@health.ny.gov)

### Lapèch nan rezèwa Vil New York

NYC Department of  
Environmental Protection  
(Depatman Pwoteksyon Anviwònman  
Vil New York, NYC DEP)  
[http://www.nyc.gov/html/dep/html/  
recreation/fishing.shtml](http://www.nyc.gov/html/dep/html/recreation/fishing.shtml)  
1-800-575-LAND (5263)  
[recreation@dep.nyc.gov](mailto:recreation@dep.nyc.gov)

### Lapèch nan Eta New York

Department of Environmental  
Conservation (Depatman  
Konsèvasyon Anviwònman, NYS DEC)  
[www.dec.ny.gov/outdoor/fishing.html](http://www.dec.ny.gov/outdoor/fishing.html)

### DEC Rejyon 5

(Konte Washington ak Saratoga)  
Biwo Ray Brook  
(518) 897-1200  
[fwfish5@dec.ny.gov](mailto:fwfish5@dec.ny.gov)

### DEC Rejyon 4

(Konte Albany, Columbia, Greene,  
Rensselaer, ak Schenectady)  
Biwo Stamford  
(607) 652-7366  
[fwfish4@dec.ny.gov](mailto:fwfish4@dec.ny.gov)

### DEC Rejyon 3

(Konte Dutchess, Orange, Putnam,  
Rockland, Sullivan, Ulster ak  
Westchester)  
Biwo New Paltz  
(845) 256-3161  
[fwfish3@dec.ny.gov](mailto:fwfish3@dec.ny.gov)

Sitwèb DEC sou lapèch la ki make anwo a gen yon pakèt resous pou ede ou jwenn sit pou lapèch ki aksesib pou piblik la, lansman bato ak enfòmasyon sou lisan. Li gen ladan l tout enfòmasyon sou ki kalite pwason yo jwenn nan diferan dlo nan tout New York.